UDK.312-39; 2023

# KOMPOZITOR U.ABDULLAEVANÍŃ FORTEPIANO USHÍN BALLADA «DÁSTANNAN» SHÍǴARMASÍNDA MUZÍKALÍQ KÓRKEM ANALIZI

**G.I.Xodjametova** – *tariyx ilimleri kandidatı, professor,*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar.** bastakor, fortepiano, tahlil, garmoniya, polifoniya, musiqa.
**Ключевые слова**. композитор, фортепиано, анализ, гармония, полифония, музыка.
**Key words**. composer, piano, analysis, harmony, polyphony, music.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń talantlı kompozitorı hám oqıtıwshıları qatarınan orın alǵan **Abdullaeva Ulbibi Keńesbaevna** 1964-jılı 17-oktyabrde Nókis qalasında tuwılǵan. Ákesi Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen kórkem óner gáyratkeri, kompozitor hám pedagog Keńesbay Abdullaev, anası Abdullaeva Sara tiginshi bolǵan. 1972-jılı Kúnxoja atındaǵı ulıwma orta bilim beriw mektebine oqıwǵa baradı. Onıń muzıkaǵa degen qızıǵıwshılıǵı bálent bolǵanlıǵı sebepli, 1973-jılı «Glier» atındaǵı balalar muzıka mektebiniń fortepiano bóliminde L.T.Statovadan bilim aladı. 1980-jılı «Muxtar Ashrafiy» atındaǵı jas atqarıwshılar kórik tańlawında, Qaraqalpaqstan Respublikasında I orındı iyelep Tashkent qalasına jollama aladı. Sol jılı orta hám muzıka mektebin pitkerip J.Shamurutov atındaǵı Nókis mámleketlik kórkem óner mektebiniń fortepiano bólimine oqıwǵa kiredi, ol jerde O.N.Spridonova, T.Ponomoreva, Ǵ.Demesinov, D.Djanabaeva, K.Ótegenovlar sıyaqlı ustazlarınan fortepiano, shıǵarma, garmoniya, polifoniya sabaqlarınan bilim aladı. Onıń jaslayınan namalar dóretiwine ákesi Keńesbay Abdullaev járdem etken. Sońın ala talantınıń bekkem qáliplesip órlewine kompozitor D.Djanabaeva basshılıq etken.

U.Abdullaeva óz dóretiwshiliginiń dáslepki qádemlerin 1981-jıldan baslap, sol oqıp júrgen dáwirinde 1982-1984-jılları Tashkent qalasındaǵı akademiyalıq jas atqarıwshılar tańlawlarına (fortepiano boyınsha) belsene qatnasadı. Ustazı D.Djanabaevanıń basshılıǵında shıǵarmalar dórete basladı, eki «Prelyudiya», romans «Qızıl gúl», tarlı kvartet ushın Shımbay namasın qayta isleydi. 1984-jılı oqıwdı jaqsı bahalar menen tabıslı tamamlap hám sol jıldıń ózinde M.Ashrafiy atındaǵı Tashkent mámleketlik konservatoriyasınıń «Kompoziciya» bólimine oqıwǵa kirip, professor, kompozitor B.F.Gienkonıń klasında tálim aladı. Ol jerde oqıp júrip birqansha shıǵarmalar dóretedi: fortepiano ushın «Balalar albomı», Prelyudiya, variaciya, ballada «Iz dastana», romans, balalar xorı, «Ámiwdárya» tarlı kvartet ushın syuita (3 bólimli), simfoniyalıq orkestr ushın uvertyura, poema «Golos Arala», kamer orkestri hám soprano dawısı ushın «Vokaliz». 1984-1985-jılları U.Abdullaeva konservatoriyada oqıp júrgen waqıtlarında Nókis qalasında bolıp ótken úlken koncertlerde Shopenniń b-moll «Skerco», Ǵ.Demesinovtıń №2 fortepiano ushın koncerti menen qatnasadı. Kompozitor óz shıǵarmalarında qaraqalpaq muzıkalıq folklorınan paydalanıp, hár tárepleme rawajlandırıwǵa háreket etken. Onıń kamer, simfoniyalıq, balet hám basqa shıǵarmalarında házirgi zaman usılların anıq kóriwge boladı. Bul janrlarda 20 dan aslam namalar dóretip, olardan «Roksananıń kóz jası» atlı bir aktli baleti, «Bayram» uvertyurası, «Aral hawazı» simfoniyalıq poeması, qaraqalpaq xalıq saz ásbapları ushın, fortepiano ushın ballada, eki prelyudiya, sonıń menen bir qatarda romanslar M.Qarabaev sózine «Qızıl gúl», J.Izbasqanov sózi «Umıtpa meni», U.Karimullaeva sózine «Kútim tabarma ediń» h.t.b shıǵarmaları mısal bola aladı. U.Abdullaevanıń fortepiano ushın balladası 1987-jılı Oqıwshı dáwirindegi jazılǵan shıǵarma. Ol sol waqıtları qaraqalpaq dástanı «Qırq qız» kitabın oqıp shıǵıp, dástannan tásirlenip dóretilgen shıǵarma. Bul shıǵarmada batırlıq, gúres, muhabbat temaları úlken orındı iyeleydi. Shıgarma sonata formasınıń epizodı menen túrindegi dúziliste jazılǵan. Balladada kirisiw hám juwmaqlawshı (koda) bólimleri áyyemgi hám házirgi dáwirlerdiń, tómengi hám joqarǵı registrden paydalanıp kvartakvinta intervallarınan duzilgen akkordlar menen eki registrdiń almasıp keliwi waqıt aralıqların bildiredi.

# DASTANNAN
## fortepiano ushin ballada

Andante, molto rubato

U.Abdullaeva




Kirisiw bóliminde parallel kvinta hám kvarta intervallarınan dúzilgen akkordlardıń izbe-izligi áyyemgi zamannıń Qorǵan qalasın súwretleydi, ol reminor frigiyalıq ladında jazılıp, qaraqalpaq namalarınıń koloritin beredi.

Kirisiw bólimi tiykarǵı temaǵa úzliksiz yaǵnıy bas partiyaǵa ótip ketedi. Bas partiyasında Gúlayımnıń talǵamın onıń batırlıǵı, xalıq ushın gúreske tayar ekenligin kórsetedi.



Bul tema eki dúziliske iye. Birinshi dúzilis 6 taktten ibarat bolıp, solminor frigiyalıq ladında jazılǵan. Ekinshi dúzilis birinshi dúziliske qarama-qarsı, punktirlıq ritminde uzın sozımlıqlarǵa iye bolıp, qızdıń sabırlıǵı, awır minezligi súwretlep kórsetken. Ekinshi duzilis tek ǵana bas partiyasın atqarıp qoymastan, ol baylanıstırıwshı partiyasınıń rólin atqaradı.



Qosımsha partiya bul gurestiń dushpanlar menen háreketin súwretleydi. Onıń fakturası bas partiya sıyaqlı *accellerando* járdeminde dawıldıń baslanıp kiyatirǵanın kórsetedi. Bunda shep qoldaǵı passajlar dushpannıń is-háreketlerin súwretlep kelmekte. Qosımsha partiya fa-minor tonlıǵında jazılǵan.



Dinamikasınıń mf dan ff ǵa alıp keliwi tamamlawshı partiyadaǵı, birinshi bóliminiń shıńına (kul'minaciyasına) alıp keledi. Tamamlawshı partiyada qırq qızdıń dúshpanlar menen sawashın súwretlep kórsetilgen. Ol ritmikalıq dúziliste yaǵnıy poliritmiya járdeminde eki jaqtıń shatasın anıq esitiwimizge boladı.




Ortanģı bólimi bul epizod. Ol lirikalıq xarakterde jazılıp, eki shetki bólimlerden tonlıģı (re-major) menen, fakturası hám ritmikası menen ayırılıp turadı. Bul bólim gomofonno-garmoniyalıq dúziliste jazılıp úsh bólimnen turadı. Ortanģı bóliminde qızlardıń názik talģamları, muhabbat súwretlengen. Ortanģı bólimi úshinshi bólimi dinamikalardıń kúsheyiwi nátiyjesinde repriza bólimine juwmaqlawshı partiyaģa alıp keledi, hám sol tema menen kodaģa ótip re-minor tonlıģına qaytadı. Úshinshi bólim repriza tolıq emes dúziliste jazılģan.





Ballada shıǵarması dramaturgiyası jaǵınan tolqın sıyaqlı rawajlanǵan.

Bunda batırlıq gúres hám muhabbat talǵamları kórsetilgen.

**Ádebiyatlar**


1. Abdullaeva U. CHarshimov Dj. “Qaraqalpaq kompozitorlarınıń fortepiano shıǵarmaları”, Qaraqalpaqstan, 2012.
2. Abatbaeva R. “Fortepiano”, Toshkent. 2023.
3. Nadirova A. “Qaraqalpaq muzıka tariyxı”, Qaraqalpaqstan. 2019.



**REZUME.** Bastakor oʻz asarlarida qoraqalpoq musiqa folkloridan foydalangan, turli kompozitsiyalarni tartibga solishga harakat qilgan. Uning kamera, simfonik, balet va boshqa asarlari zamonaviy uslublarning yorqin namunasidir.

**РЕЗЮМЕ.** Композитор использовал в своих произведениях каракалпакский музыкальный фольклор и пытался организовать различные композиции. Его камерные, симфонические, балетные и другие произведения являются яркими образцами современных стилей.

**SUMMARY.** The composer used Karakalpak musical folklore in his works, tried to organize various compositions. His chamber, symphonic, ballet and other works are bright examples of modern styles.


## САХНА СӨЗИ ПӘНИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ


**М.Исмаилова** – *доцент*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем онер ҳәм мәдениятинституты*

*Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** сахна нутқи, маънавий, ижодкор, усуллар, бадиий асар, предмет, нутқ маданияти, муносабат, характер, сўз ясалиши, адабий матн.

**Ключевые слова:** сценическая речь, духовный, творческий деятель, приёмы, художественное произведение, предмет, культура речи, отношение, характер, словообразование, художественный текст.

**Key words:** stage speech, spiritual, creative figure, techniques, work of art, subject, culture of speech, attitude, character, word formation, literary text.


Адамзат турмысындағы социаллық, руў-хый ағартыўшылық, мәдений ҳәм де күнделикли турмыстағы, байланыс, мүнәсибет, нийет ҳәм алға илгерилеўшиликтеги тийкарғы түсиндириў мүнәсибет усылы болған тилимиздиң ҳәр тәреплеме мазмунлы ҳәм тәсирли болыўы, ҳәр бир шахс, дөретиўши ҳәм қәнигелердиң жедел алға умтылыў процесслерине үнлес ўазыпаларынан бири болып есапланады.

Көркем өнер ҳәм мәденият жөнелисиндеги бакалавр жөнелиси студентлериниң «Сахна сөзи» предмети шеңберинде усыныс етилетуғын теориялық ҳәм әмелий дөретиўшилик түсиниклери, сахна сөзиниң теориялық ҳәм әмелий дөретиўшилик атқарыў тийкарлары, ўазыпалар, усыллар менен шешиў, инсанның сөйлеўиниң мазмунлы ҳәм тәсирли, анық, тынық ҳәм тәкирарланбастай болыўы ҳәм де миллий ғәрезсизлик идеяларының көркем сөз өнериндеги сөздиң тәсиршеңлигин асырыўға ҳәм беккемлеўге қаратылған. Театр көркем өнериниң актёрлық тараўында сөздиң тутқан орны шексиз. Автордың идеясы текстте түрли усыллар менен сүўретленеди. Шығарманың өзине тән стилисли, сөздеги характери, қаҳарманлардың өз пикирлерин сәўлелендириўи сахна шығармасын жаратыўда үлкен роль ойнайды.